

KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU VAKSEN PEDYATRIK

Direktiv Komisyon Sante Piblik Boston

Mizajou: 30/03/22

POUKISA MWEN TA DWE VAKSINEN PITIT MWEN AN?



- Vaksen an **pwoteje ou menm ak pitit ou** kont maladi grav koze pa COVID-19. Menmsi COVID-19 la anjeneral pi leje lakay timoun yo, gen kèk timoun ki ka vin tonbe malad anpil epi gen pwoblèm sante dirab akòz maladi a (ke yo konnen kòm "Long COVID").
- Timoun yo ka **pwopaje viris** la bay **lòt moun** menm si yo pa santi yo malad, ki enkli timoun ki twò piti pou pran vaksen ak lòt manm fanmi ak zanmi ki gen pi gwo risk pou yo tonbe malad anpil akòz COVID-19 la.
- Vaksinen pitit ou a ka ede **kenbe li nan lekòl** epi fè li pi an sekirite pou **jwi** aktivite yo **renmen** yo!

ÈSKE VAKSEN COVID-19 LA PA GEN DANJE POU PITIT MWEN AN?

- Vaksen COVID-19 yo **san danje epi yo efikas** pou adilt ak timoun. Yo te pase nan siveyans sekirite ki pi entansif nan **istwa Etazini**.
- Genyen **milyon** timoun laj 5 an oswa plis ki te resevwa vaksen an nan tout sekirite.



KONBYEN DÒZ PITIT MWEN AN BEZWEN POU LI VAKSINEN KONPLÈTMAN?



- Timoun ki gen laj **5 - 11 an** bezwen pran **de dòz** vaksen COVID-19 la pou yo konsidere yo **vaksinè konplètmàn**. Plis pase yon dòz nesèsè pou pitit ou a gen pi **plis pwoteksyon** epi ranfòse iminite li.
- Adolèsan ki gen laj **12 - 17 an** ta dwe resevwa **vaksen rapèl** COVID-19 la omwen **senk mwa** apre yo fin konplete dezyèm dòz COVID-19 yo.

Si w toujou gen **kesyon** konsènan benefis kont risk nan vaksinen pitit ou a, BPHC ankouraje w diskite sa ak pedyat pitit ou a oswa lòt founisè medikal ou fè konfyans.

KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU VAKSEN PEDYATRIK

Direktiv Komisyon Sante Piblik Boston

KI EFÈ SEGONDÈ VAKKSEN COVID-19 LA GENYEN?

- **Efè segondè komen** yo sanble ak efè segondè lòt vaksen yo ki enkli doulè, anfleman, oswa woujè nan bra kote vaksen an te bay la, sansasyon fatig, maltèt, doulè nan misk, kè plen, lafyèv, oswa frison. Efè segondè sa yo se yon siy ke sistèm iminitè pitit ou a ap **ranfòse pwoteksyon li**.
- Efè segondè yo gen tandans pou yo **leje** lakay timoun yo epi anjeneral dire mwens **pase yon jou**.
- Efè segondè grav yo **ra anpil**.
 - Reyaksyon alèjik grav (anafilaksi) ka rive apre nenpòt vaksen, men li ra. Yon pwofesyonèl medikal obsève chak moun apre yo fin pran yon vaksen COVID-19. Si yon reyaksyon rive, yo trete li tousuit.
 - Yon ti kantite adolesan te gen anflamasyon nan kè yo (myokadit oswa perikadit) apre yo te resevwa vaksen yo. Pifò ka yo leje epi yo reponn byen a tretman ak repo.
- **Pitit ou a pa ka pran COVID-19 akòz vaksen an.**
- Pa gen **okenn prèv** ki montre ke vaksen COVID yo afekte **devlopman** oswa **fètilite** lakay timoun oswa adilt.



KONBYEN LI KOUTE?

Vaksen an **gratis**, epi yo pa pral **janm** mande w pou montre prèv asirans sante, idantite oswa estati imigrasyon pou resevwa vaksen Covid-19 ou a nan yon sit ke BPHC patwone!

PREPARE PITIT OU APOU VAKSEN COVID-19 LA



- Anvan ou fè yo pran vaksen an, **pale ak pitit ou yo** sou efè segondè posib yo ak sa pou yo atann.
- Li **pa rekòmande** pou pran **medikaman pou soulaje doulè** anvan ou pran vaksen an pou eseye anpeche efè segondè posib.

ÈSKE PITIT MWEN KA JWENN VAKKSEN AN SI MWEN PA LA?

Wi, men **fòm konsantman** yo ki ranpli epi siyen obligatwa pou yon timoun pran vaksen san yon paran prezan. Ou ka jwenn fòm konsantman yo sou **sitwèb Mass.gov la**.



Referans

Kesyon yo Poze Souvan sou Vaksen COVID-19 lakay Timoun yo. CDC. <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq-children.html>
10 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Vaksen COVID-19 pou Timoun yo. CDC. <https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/planning/children/10-things-to-know.html>
Hause AM, Baggs J, Marquez P, et al. **Sekirite Vaksen COVID-19 lakay timoun ki gen laj 5-11 an – Etazini, 3 novanm - 19 desanm 2021.** MMWR Morb Mortal Wkly Rep 2021;70:1755-1760. DOI: <http://dx.doi.org/10.15585/mmwr.mm705152a1>
Komite Konsiltatif sou Vaksen ak Pwodui Byolojik ki Konekte Dokiman Reyinyon Enfòmasyon 26 oktòb 2021 - FDA. <https://www.fda.gov/media/153447/download>
Enfòmasyon sou Vaksen pou Paran yo. Sante Piblik Konte Los Angeles. http://www.publichealth.lacounty.gov/media/Coronavirus/docs/vaccine/VaccineFacts_Parents.pdf